



Akademisyen PIERRE, Claude Clément

Prezantasyon:

Claude Clément Pierre fèt 28 fevriye 1941 nan komin Koray, depatman Grandans. Li se lengwis, pwofesè e li se ekriven tou. Li gen yon doktora nan Literati ak Lengwistik Tèks (Université d'Ottawa, 1978), yon metriz nan Literati ak Lengwistik (Université Laval, 1973), yon lisans nan Syans Edikasyon (Université du Québec, 1977) ak nan Syans Politik (Université d'Etat d'Haïti, 1968). Claude C. Pierre mouri nan dat ki te samdi 24 jen 2017 la.

Piblikasyon:

Claude C. Pierre bay plizyè konferans e li pibliye plizyè atik nan revyi, plizyè pwezi ak woman. Pami travay li yo, nou ka site :

- *Lang pa gen zo*, Henri Deschamps, Port-au-Prince, 2004.
- *Simbi*, Editions Areytos, Port-au-Prince, 2003.
- *Le voyage inventé*, Editions Pleine Plage et CIDIHCA, Port-au-Prince, 1998.
- *Tourne ma toupie*, Editions Naaman, Sherbrooke, 1974.

Angajman :

Nan kad travay li fè pou li defann oswa fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la, li entèveni nan domèn sa yo:

- Lengwistik
- Edikasyon
- Rechèch
- Literati

Se Ministè Kilti ak Jounal Bon Nouvèl ki te pwopoze kandidati Claude Clément Pierre kòm Akademisyen.